

Enfeksyon lakay timoun

Kilè epi ki kote pou w chèche èd?

Quebec, gen anviwon 1 moun sou 2 ki ale nan sèvis ijans yo poutan yo pa gen pwoblèm ijans.

Al chèche swen nanbon moman an ak bon kote a!



Ou bezwen konsèy sou sante pitit ou a? Ou pa sèten si pitit ou a dwe wè yon pwofesyonèl sante?

- Ale sou quebec.ca/sante/problemes-de-sante/a-z
- **Rele 811, opsyon 1**
Gen yon sèvis telefonik gratis epi konfidansyèl ki disponib 24 sou 24, 7 jou pa semèn
- Pale ak yon famasyen

Eske pitit ou a dwe wè yon pwofesyonèl sante, men se pa Yon ijans?

- Ale sou quebec.ca/sante/trouver-une-ressource, Seksyon sèvis anliy

Eske pitit ou a gen yon pwoblèm sante ki ijans?

- Ale nan sèvis ijans yon lopital
- Rele 911 si w bezwen èd
- Si w gen dout, ale sou santemontreal.qc.ca/population/services/infections-enfants/, seksyon *Lè pou w mennen pitit ou a nan sèvis ijans yon lopital (Quand amener votre enfant à l'urgence d'un hôpital?)* ak *lè pou w rele 911 (Quand appeler le 911?)*



Si pitit ou a gen pi piti pase 3 mwa epi l gen lafyèv, ale nan sèvis ijans ak li.



Pou plis enfòmasyon:

santemontreal.qc.ca/population/services/infections-enfants/

Kontni Direction régionale de santé publique de Montréal elabore, nan kolaborasyon ak ekip doktè ijans yo nan CHU Sainte-Justine ak Direction régionale d'accès aux services médicaux de proximité

Desanm 2023

Québec 